**दिन—मंगलवार** **दिनांक—14.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रदेश मे आम लोकक शिकायत के त्वरित समाधानक लेल आइ पटना मे राज्य स्तरीय सहयोग शिविरक शुरूआत कयल गेल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मुख्यमंत्री सचिवालय परिसर स्थित संवाद भवन मे एहि कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि। मुख्यमंत्री ओहेन आवेदक लोकनिक समस्या सुनलनि, जे जिला स्तर पर आयोजित सहयोग कार्यक्रम मे भेटल समाधान सँ संतुष्ट नहि छलाह। संगहिं ओ अधिकारी लोकनि के समस्याक शीघ्र समाधानक निर्देश देलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव, ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार आ राजस्व तथा भूमि सुधार मंत्री दिलीप कुमार जायसवाल सहित कतेको वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह। राज्य स्तरीय सहयोग शिविरक आयोजन हरेक मासक दोसर मंगल दिन के कयल जायत।

---

बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक लेल कुल छब्बीस उम्मीदवार लोकनिक नामांकन वैध पाओल गेल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार आइ नामांकन पत्रक जांच में चौदह उम्मीदवार लोकनिक पर्चा निरस्त कऽ देल गेल। जनशक्ति जनता दलक वीणा मानवी के नामांकन सेहो निरस्त भऽ गेल अछि। उपचुनावक लेल कुल चालीस उम्मीदवार लोकनि अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयने छलाह। प्रमुख उम्मीदवार सभ मे एनडीए के दिस सँ भाजपाक नीरज कुमार, राजद सँ रेखा कुमारी आ जन सुराज पार्टी सँ प्रशांत किशोर सम्मलित छथि। प्रत्याशी सोलह जुलाई धरि नामांकन आपस लऽ सकैत छथि। एकर बाद उम्मीदवार लोकनि कें चुनाव चिन्ह आवंटित कयल जायत। उपचुनावक लेल मतदान तीस जुलाई के होयत। मतक गिनती तीन अगस्त के कयल जायत।

---

सुप्रीम कोर्ट चारा घोटालाक एक मामिला मे राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक जमानत निरस्त करबा सँ मना कऽ देलक अछि। सीबीआई लालू प्रसादक जमानत निरस्त करबाक लेल सुप्रीम कोर्ट मे याचिका दायर कयने छल। संगहि अदालत झारखण्ड उच्च न्यायालयक

ओहि आदेश मे सेहो हस्तक्षेप करबा सँ इंकार कऽ देलक, जेकर अंतर्गत लालू प्रसाद कें जमानत भेटल छल। अदालत राजद अध्यक्षक लंबित आपराधिक अपील पर झारखण्ड उच्च न्यायालय कें छओ मासक भीतर सुनवाई पूरा करबाक लेल कहलक अछि। ई मामिला देवघर कोषागार सँ अवैध निकासी के अछि।

———————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए नीट यूजी दू हजार छब्बीसक पुनर्परीक्षाक ओएमआर शीट आ रिकॉर्ड कयल गेल उत्तर जारी कऽ देलक अछि। एजेंसी जनौलक जे अभ्यर्थी एनटीए कें वेबसाइट नीट डॉट एनटीए डॉट एनआईसी डॉट इन पर अपन आवेदन नंबर सँ लॉग इन कऽ अपन ओएमआर शीट आ उत्तर देख सकैत छथि। परीक्षार्थी अपन चिह्नित उत्तरक तुलना स्कैनर द्वारा पढ़ल गेल उत्तर सँ कऽ सकैत छथि। जँ परीक्षार्थी ओहि उत्तर सँ संतुष्ट नहि होयत छथि तऽ ओ प्रश्नक चयन कऽ अपन चुनल गेल विकल्प पर निशान लगा सकैत छथि आ दू सय टाकाक शुल्कक भोगतान कऽ चुनौती दऽ सकैत छथि। एजेंसी स्पष्ट कलयक अछि जे चुनौती सही पाओल गेला पर शुल्क आपस कऽ देल जायत। ओएमआर चुनौती सुविधा एहि मासक पन्द्रह तारीख धरि उपलब्ध रहत।

———————————————————

मानसूनक सक्रियता सँ प्रदेश में लगातार बर्षा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पश्चिमी हिस्सा में भारी बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पश्चिम चंपारण जिलाक चनपटिया मे सभ सँ बेसी एक सय एकतालीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि अररिया आ किशनगंज जिला मे अतिसय वर्षा, जखनकि कटिहार, मधुबनी, पूर्णिया आ सुपौल जिला मे किछ ठाम पर भारी बरखा भऽ सकैत अछि। राज्यक आन जिला सभ मे सेहो वर्षा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल भारी बरखाक कारण गंडक, बागमती, कमला बलान आ कोसी नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंज मे खतराक निशान सँ एक सय दू सेंटीमीटर ऊपर चलि गेल अछि। बागमती नदी रून्नीसैदपुर मे लाल निशान सँ लगभग सय सेंटीमीटर, कमला बलान झंझारपुर मे एक सय बीस सेंटीमीटर आ कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा मे एक सय तेरह सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, महानंदा, परमान आ अधवारा समूहक नदी सभक जलस्तर मे सेहो वृद्धि

देखल जा रहल अछि। एम्हर, हमर सहरसा संवाददाता जनौलनि जे जिलाक बनमा ईटहरी प्रखंड अंतर्गत सहुरिया पंचायत मे परसाहा कोसी नदीक जलस्तर बढ़ला सँ रामपोखर आ भेड़हा गामक संपर्क मुख्य मार्ग सँ पूर्णरूपेण कटि गेल अछि।

———————————————————————

पटनाक चर्चित बंटी यादव हत्याकांड मे चारि पुलिसकर्मी कें निलंबित कऽ देल गेल अछि। जाहि  पुलिसकर्मी लोकनिक विरूद्ध कारवाई कयल गेल अछि, ओहि मे तीन एएसआई आ गृह रक्षा वाहिनीक एक जवान सम्मिलित छथि।

———————————————————————

शिवहर स्थित यूनियन बैंक के शाखा प्रबंधक संतोष कुमार कें पुलिस एक लाख छियानवे हजार टाकाक धोखधड़ी के मामिला मे गिरफ्तार कयलक अछि।

खगड़िया पुलिस पच्चीस हजार टाकाक ईनामी अपराधी सतीश यादव कें गोगरी थाना क्षेत्र सँ गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। ओ कतेको समय सँ फरार चलि रहल छल।

———————————————————————

समाप्त